

# FAKTÈ RISK AK PWOTEKSYON YO

Kesyon Kouran yo. Repons ki senp.

## KI FAKTÈ RISK AK PWOTEKSYON KI GENYEN?

Faktè risk yo ka ogmante kapasite yon adolesan pou konsomasyon dwòg, tandiske faktè pwoteksyon yo ka redwi risk sa a epi ede adolesan yo konstwi rezilyans lè y ap fè fas ak difikilte sa a ak anpil lòt difikilte. Faktè risk yo se vilnerablite ki ogmante risk yon moun pou li fè fas ak konsomasyon dwòg ki bay pwoblèm. Faktè pwoteksyon yo ede konstwi rezilyans epi yo ogmante pwobablite ki genyen pou jèn moun yo fè fas avèk ajan estrès yo oswa kontraryete epi konsa yo redwi risk pou konsomasyon pwoblematik sibstans, menm avèk faktè risk ki prezan yo. Faktè pwoteksyon yo ka prezan nan anpil domèn nan lavi yon adolesan. Fòs endividyèl, sipò famiyal, kominote ki san danje, estrikti lekòl, ak kamarad ki pozitif, yo tout ka faktè pwoteksyon.

Faktè pwoteksyon yo se kle pou konstwi rezilyans, pou ankouraje sante sosyal ak sante emosyonèl, ki ogmante konpetans nan adaptasyon, epi ki sipòte jèn moun nan evite risk pou konsomasyon dwòg.

## KI KÈK FAKTÈ RISK AK FAKTÈ PWOTEKSYON KI KOMEN?

### Faktè Risk yo:

- Konpòtman agresif prekòs
- Mank lyen ak paran, enplikasyon, ak sipèvizyon
- Konsomasyon dwòg nan fanmi
- Genyen yon santiman ke pèsòn pa ba yo enpòtans
- Disponibilite dwòg
- Povrete ak lòt difikilte sosyo-ekonomik

### Faktè Pwoteksyon yo:

- Oto-kontwòl endividyèl
- Enplikasyon ak lyen paran ak swanyan
- Konpetans akademik pou limenm epi pami kamarad yo
- Lyen lekòl ak klima pozitif
- Politik kont dwòg nan lekòl la
- Atachman ki solid ak katye

## KI KÈK SIY PREKÒS AK PERYÒD WO RISK KI GENYEN?

Premyèman, li enpòtan pou rekonèt ke eksperyans avèk sibstans se yon pati nan eksplorasyon ki nòmal pou jèn yo, epi kominikasyon ki ouvè, konfyans, ak diskisyon konsènan risk adiksyon se kle pou diminye chans pou konsomasyon sibstans yo. Anplis, ranfòsman enpòtans pou retade itilizasyon an ka enpòtan anpil nan evite adiksyon alavni.

Siy prekòs risk yo ka genyen ladan mank oto-kontwòl, ensekirite, ak difikilte sosyal.

Peryòd wo-risk yo ka genyen ladan nenpòt peryòd tranzisyon, tankou soti nan lekòl twazyèm sik pou ale nan lekòl segondè, jere demenajman yon fanmi, oswa fè fas ak dezakò famiyal.



## FASON POU OGMANTE FAKTÈ PWOTEKSYON YO

Ranfòsman faktè pwoteksyon yo kòmanse nan premye anfans epi lòt sitiyasyon ka fè enpak sou li, tankou povrete ak detrès nan fanmi, sekirite nan katye, lekòl yo pa genyen yon klima ki san danje epi ki pozitif, afeksyon paran, ak aksè nan aktivite ki pozitif pou jèn yo.

Faktè pwoteksyon yo genyen ladan karakteristik jenès la, fanmi, kominote, lekòl, ak karakteristik kamarad yo:

- Krete epi mentni yon lyen ki solid ant elèv la ak yon paran.
- Genyen adilt ki prezan epi ki disponib nan lavi yon jèn moun.
- Genyen ladan atant ak limit ki klè.
- Anseye konpetans adaptasyon nan moman detrès oswa difikilte.
- Genyen ladan estrikti ak atant pou ede yon timoun santi l an sekirite epi li santi yo pran swen l.

Epitou yo ta dwe sonje ke ogmantasyon risk ka ajoute nan pwobablite pou yon adolesan konsome dwòg, men yo ta dwe rekonèt ke ogmantasyon risk pa sèl endikatè a, epi faktè pwoteksyon yo ka konpanse risk sa.

Syantifik yo te pwopoze eksplikasyon sou rezon ki fè kèk moun vin enplike nan dwòg:

- Koz biyolojik, tankou antesedan famiyal pou dwòg oswa konsomasyon alkòl
- Afilyasyon avèk kamarad k ap konsome dwòg
- Sèks, ras, ak lokalizasyon jewografik, ke yo tout ka jwe yon wòl nan ki fason ak kilè timoun yo kòmanse konsome dwòg
- Fèb akonplisman akademik
- Antesedan twomatis, ki genyen ladan abi
- Fanmi an rejte oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl



**KOUNYEYA MWEN KONNEN REYALITE YO — KISA KI VINI APRESA?**

Ou ka vizite [talk2kidsaboutdrugs.com](http://talk2kidsaboutdrugs.com) pou jwenn enfòmasyon de konfyans, enfòmasyon ki konkrè pou paran ak edikatè yo.

  
**TALK2KIDS**  
ABOUT DRUGS